ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№62 (23.220) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 5, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий Москва щыхуэзащ Урысейм и Муфтийхэм я советым и тхьэмадэ муфтий щихъ Гайнутдин Равиль

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Москва дыгъуасэ щыхуэзащ Урысейм и Муфтийхэм я советым и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ1ап1эм и унафэщІ муфтий щихъ Гайнутдин Равиль. Зэ1ущІэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, дин зэпыщІэныгъэхьащ гъэбыдэным, дин мэсхьэб егъэлеяэм щІалэгъуалэр щыхъумэным.

КЪЭРАЛЫМ и мусылъмэнхэм я Іэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщым фІыщІэ хуищІащ диныр зыІыгъхэм зэпымыууэ гулъытэкІэ зэрабгъэдыхьэм, дин щІэныгъэ ззэзыгъэгъэтыну хущІэкъуэхэм зыхуеину Іэмалхэр къаззэрыхуэзэрыгъэпэщым папщІэ. Иджыпсту КЪБР-м щолэжь цІыху мини 3 зэуэ щІэхуэу республикэм и къалащхьэм щахуэну мэжджытым и проектым. Жэмыхьэтым я лъэІукІэ абы фІащынуц дин егъэлеяныгъэхэм ткІийуэ апэщІэта муфтий Пщыхьэщ1э Іэнас и цІэр. Ар щІэпхъаджащІэхэм 2010 гъэм и дыгъэгъаззэм гъуанэдэуэу яуклаеу щытащ.

УФ-м и Муфтийхэм я советым дин зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэныкІэ лажьыгъэшхуэ зэрырирегъэкІуэкІыр къигъэлъагъуэри, КІуэкІуэ Ю. А. Гайнутдин Равиль ехъуэхъуащ Урысейм и Президент Путин Владимир и дэлэпыкъуныгъэкІэ зэрагъэпэщыжу Европэм щынэхъ ин дыдэ мэжджытыр Москва къызэрыщІэзІуахьжамкІэ. «Къэралым и мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ1ап1э нэхъыщхьэ дыдэр - Москва дэт мэжджытыр - дин пэжым, исльамым и хьугъуэфІыгъуэ нэсхэм я къежьапІэщ», - жиІащ республикэм и Унафэщым.

Псалъэмакъым и ужькІэ Гайнутдин Равиль щІыгъуу КІуэкІуэ Юрий мэжджытыр къызэхиІухьащ, абы и архитектурэ хьэлэмэтым щыгъуазэ зищІащ. Зэ1ущІэм и КІуэхам ахэр фэеплъ тыгъэхэмкІэ зэхъуэжащ. КІуэкІуэ Юрий Урысейм и Муфтийхэм я советым и тхьэмадэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщІэну къыригъэблэгъащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Кардиохирург цІэрыІуэ Акчурин Ренат «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр иратащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным езым и щхьэкІэ куэд зэрыхищІыхьам папщІэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. къыдигъэкІа Указымкіэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр иратащ Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и «Урысей кардиологие щІэныгъэ-производствэ комплекс» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэм Мясников А. Л. и щІэр зезыхьэ и Клиникэ-кардиологие институтым гулъытхуэ хирургиемкІэ и къудамэм и унафэщІ Акчурин Р. С.

Налшык къалэм дэт кардиологие центрым Урысейм Медицинэ щІэныгъэхэмкІэ и академием и академик Акчурин Ренат и дэІэпыкъуныгъэкІэ ангиографие кабинет къыщІызІуахащ. Абы Іэмал къитащ гу-лъытхуэ уэхэр къызэрахутэмрэ зэрагъэхъужьымрэ егъэфІэкІуэныкІэ, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зэтегъэувэныкІэ, гум и узыфэхэр зэрагъэхъуж иджырей Іэмалхэр щІэгъэкъуэн къэщІынымкІэ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, гу-лъытхуэ уэхэм илыкІэхэр зы ильэсым кьриубыдэу КЪБР-м проценти 6,6-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Ди хэкуэгъуэхр къыдахьэхыжын мурадкІэ

Урысейм и цІыхуу нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэуэхэр Хэкум къэкІуэжыным трагъэгушхуэн, абыкІэ ядэІэпыкъун Іуэхум трагъэкІуэдэнущ сом мелуан 200.

Ар къэрал мылькум кьыхахьну унафэ ищІащ УФ-м и Правительствэм. Къэралым и субъект 59-м, нэхъ тэмэму жыпІэмэ, ди хэкуэгъуэхр къэгъэІэпхъуэжьным хуэгъэза щІыналъэ программэр щагъэзащІэхэм, трагуэшэнущ сом мелуан 200-р. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкІыу ди къэралыр зыбгынахэм, абыхэм я щІэблэм Урысей Федерацэм къагъэзэжьным пыщІа Іуэху псори щыубзыхуа унафэ кьищтащ Правительствэм. Къэкіуэжхэр псэупІэкІэ, лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщынным гулъытэ хэха щихуащІащ унафэм. Апхуэдэуи абы щагъэзэІуащ ди хэкуэгъуэхэр нэхъыбэу здагъэЗэпхъуэну я мурад щІыпІэхэр. Урысейм и щІыху къилъытахэм къащІопплъэ Забайкальем, Бурятием, Камчаткэм.

Къэралым и нэгъуэщІ щІыпІэхэри хьэзырщ къэкІуэжкэм щІапІэхэр хухахьну. Псалъэм папщІэ, Ульяновскэ областым иригъэтІысхьэнущ. Щыху минрэ ныкъуэм нэблагъэ, Пензэ областым щІыху мини 3,6-рэ зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэригъэпэщыфынущ.

Гуэзвэгъуэм я щхьэр хах

Европэм щытыкІэр КІуэ пэтми зэрыщекІакІуэр, абы щыпсэуэхэми я къэралхэм Іэпхъуэхэми гугъуехьу ятелъэр зыльагъуэхэр, дауи, лъэныкъуитІми яхуогузавэ.

Къэрал унафэщІхэм хэкІыпІэ гуэр кьагъуэту, а щІыналъэм щытыкІэр зэрыщытам хуэдэу мамыр щыхъыжьыну фІэщащІы-гъуейуэ кьыпщохъу ди зэманым. Апхуэдэ щытыкІэ кьихутэнкІэ мэшынэ Тыркум щыпсэуэхэри.

«ЦІыхуэхэр къэралым щыгугъыжырхьым я шынагъуэншагъэр кьызэригъэпэщынымкІэ, абы кьыхэкІыу, зэрыхъуКІэ, ди щхьэ Іуэху зыдохуэж. Ди жьлтэ зэхэкъутахэм уи нэгу кьыщІагъэхьэр зэуэ щекІуэкІ Сирием и къалэхэрщ. Дэ дегъэгузавэ ди къэралыр етІуанэ Сирие хъуным», - жаІэ цІыхуэхэм. Абы и гугъу ящІым я кьыщымынэу, цІыхуэхэм я щхьэр гуэвэгъуэм зэрыхэныным яужь итщ. Псалъэм папщІэ, илъэс кІуам и щыщхьэуІум кьыщыщІэдзауэ цІыху мин 400 иІэпхъукІащ Тыркум.

Нобэ

•Къалмыкъ Республикэм и Конституцэм и махуэщ

•Корее Ипщэм щагъэлъапІэ жыгхэр хэсэным и махуэр

•Къэзахъстаным Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэр зи нэІэ щІэт и полицэм и махуэщ

•1241 гъэм Невский Александр и дзэм Чудскэ гуэлым и деж нэмыцэдзэр щІызэтрикъутащ.

•1905 гъэм Курп Ищхъэрэ къуэжьэм и мэкъумэшыщІэхэм зыкъаІэтащ.

•1943 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ кьищтащ Бахьсэн ГЭС-р зэфІэгъэувэжьным теухуауэ.

•1943 гъэм Налшык дэт дагъэ завод №1-р зэфІагъэувэжащ.

•1955 гъэм Инджылзым и премьер-министр кьулыкъум текІащ илъэс 50-м щигъэкІэ политикэм хэта Черчилль Уинтсон.

•Австриеи щыщ дирижёр щІэрыІуэ **Герберт фон Караян** кьызэралъхуэр илъэси 108-рэ ирокъу.

•Совет актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Кустинская Наталье** кьызэралъхуэр илъэс 78-рэ ирокъу.

•БэзэджэныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ПІаз Сергей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 10, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

КъБКъУ-мрэ Эрмитажымрэ зэдолажьэ

• Хъыбар гуапэ

Къэрал Эрмитажым и унафэщІ Пиотровский Михаилрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Альтуд Юрийрэ Санкт-Петербург къалэм иджыблагъэ Іэ щытрадзащ зэрызэдэлэжьэнымкІэ зэгурыІуэныгъэм. Іуэху дахэр икІи гукъинэжыр щекІуэкІащ Урысей империем и Къэрал Советым и цІэр зэрихьэу музейм хэт тхыдэ пэшышхуэм.

ГУФІЭГЪУЭ зэ1ущІэм хэтащ режиссёр цІэрыІуэ **Сокуров Александр**, Эрмитажым КъэжкІыпІэ Европэмрэ Сыбырымрэ я археологиехэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Алексеев Андрей**, «Арсенал» къудамэм Іэщ1эжмкІэ и секторым и пашэ **Ефимов Юрий**, Къэрал Эрмитажым и нэгъуэщІ Іэщ1агъэлІхэр.

Зэгурыіуэныгъэм къызэрыщыгъэлъэгуаныкІэ, Іуэхущ1апІэхэм дяпэкІэ зэгъусэу ираГъэкІуэкІынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тхыдэр джыным хуэгъэпса щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу Къэрал Эрмитажым къызэрыгъэпэщ археологие зекІуэхэм хэтынущ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым и студентхэр, аспирантхэр, егъэджакІуэхэр. Іэмал щыІэмэ, студентхэм я практикэхэм щыщ Іыхьэ пыухыкІа гуэри апхуэдэ археологие зекІуэхэм хухахынущ.

- ЗэдухьилІа зэгурыІуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ ди еджапІэ нэхъыщхьэм адэкІэ зиужьынымкІэ. Ар республикэм и егъэджэныгъэ, щІэныгъэ Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным хуэтч лъэбакъуэ инхэм ящыщщ, - жиІащ Альтудым.

Эрмитажым и унафэщІымрэ КъБКъУ-м и ректорымрэ тыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэхуэгуэпащ. Пиотровский Михаил хьэщІэхэм къаритащ музейм теухуа тхыпхъэр. Абыхэм яхэлъщ «Эрмитаж: шедевр 250-рэ» жьхуиІэ, щІэнгъуаэз пэлъытэ тхылъ къыззрымыкІуэр. Альтуд Юрий Эрмитажым тыгъэ хуищІащ «Петербург я апэ мывэр яГъэтІылъ» сурэтышхуэр, адыгэхэм ди тхыдэм теухуауэ Иорданием хьэрыпыбзэкІэ къыщыдэкІа тхылъ гъэщІэгъуэныр, нэгъуэщІхэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

Мусуков Алийрэ Кузнецов Анатолийрэ Іэпхъуэшапхъуэхэм яхуэгъэза политикэм пыщІа Іуэхухэм топсэлъыхь

Дыгъуасэ Налшык щызэхуэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхухэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Кузнецов А. Е. сымэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм Іэпхъуэшапхъуэхэм яхуэгъэза и къэрал политикэм и концепцэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпхыгъэкІыным, а Іэнатіэм законодательствэр къыщызэпауд къыщымыгъэхъуным, КъБР-м исхэм хуащІэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр къэІэтыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыІэну зэманым Кузнецов Анатолий хэтынущ Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхухэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленз Ставрополь краймрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ щыІэхэм мэлыжьыхьым и 4 - 5-хэм Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкІуэкІ зэІущІэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

КъБР-м къалэн куэд зыгъэзащІэ и центрым, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм, «Инициатива» жьлагъуэ зэгухьэныгъэм я лІыкІуэхэр щыІащ Налшык жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щыпсэу и интернатым.

«УРЫСЕЙ зэкъуэтым» и щІыналъэ къудамэм и ГъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Парафилов Дмитрий жиІащ нэхъыжьхэм гулъытэ яхуэщІынырр партым и къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Ар интернатым щыІэхэм ехъуэхъуащ узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ яІэну, дяпэкІи я гулъытэ щамыгъэщІэну кьигъэгугъащ.

- Псапэ зыпылъ Іуэху нэхъыбэрэ зэрытщІэным иужь дитщ. Ди лэжьакІуэхэм я гуапэщ дэІэпыкъуэгъу хъуну, - жиІащ республикэм и МФЦ-м и унафэщІ АфІэунэ Аслъэн.

«Инициатива» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Арахъэ Жантемыр жиІащ интернатым мызэ-мытІэу зэрыщІэр икІи нэхъыжьхэм уепсэлъэн къудейри абыхэм зэрагуапэм гу зэрылъытар.

ХьэщІэхэм яІыгъащ интернатым щыІэхэр зыщыгуфІыкІын тыгъэхэр.

Интернатым и унафэщІ Абазэ Сусанэ абыхэм фІыщІэ къахуищІащ икІи къыхигъэщащ зыхуэзфІэмыкІым удэІэпыкъуным нэхъ псапэ зэрыщымыІэр.

ГЪУЭТ Синэ.

Нэхъыжьхэм - гулъытэ

• Псапэ

Темыркъан Борис и концертым фыдогъэблагъэ

• Щэнхабзэ

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм республикэм щыпсэуэхэмрэ и хьэщІэхэмрэ ирегъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Темыркъан Борис зи пашэм, мэлыжьыхьым и 5-м сыхьэт 18.00-м Къэрал концерт гъэлъэгуаніэм щитыну концертым.

Налшык роззэхэм я къалэщ

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Алэкъуей Арсен иригъэкІуэкІа иужьрей зэІущІэм «Горзеленхоз» Іуэхущ1ап1эм къалэн щыщищІащ нэхъапэм роззэхэм я къалэу ялъытэу щыта ди щыхьэрым иджыри апхуэдэ щІыхьыр ирагъэгъуэтыжыну.

ГЪАТХЭР къызэрихьэрэ роззэ лІэужьыгъуэу 20-м щІигъу хасащ. Клумбэхэр щагъэщІэращІэкІэ абыхэм нэгъуэщІ удз лІэужьыгъуэхэри щІагъужынущ. Лениным и цІэр зезыхьэ проспектым тет «Россия» хьэщІэщым и гупэм, КъБКъУ-м и деж, Лениным и цІэр зезыхьэ проспектымрэ Осетинскэ урамымрэ я зэхэкІыпІэм хуэзэу удз гъагъэхэр щыхасэну хьэсэхэр щащІащ, абыхэм роззэхэр щагъэтІысащ. Роззэхэр я плъыфэкІи лІэужьыгъуэкІи зэщхькъым. Абыхэм ятІэгъунэгъуу хасэ тюльпанхэр, крокусхэр, ирихэр.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым къалэм и удз гъагъэ хэсапІэхэм роззэхэр щыхадыгъуКІ куэдрэ кьохъу. «Горзеленхоз»-м и инженер Тэрчокъуэ Хьэсэн зэрыжиІэмкІэ, нэгъабэ жапуэгъуэм щыщІэдзауэ дыгъэгъэз пщІондэ Декоративнэ хьэкІыгъэхэмкІэ совхозымрэ ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм и администрацэмрэ я гъусэу роззэ 9.875-рэ хасащ. 2016 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлІэу ахэр1045-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Къэбгъэльагъуэмэ, ар хасам и проценти 10 мэхъу. «Лениным и цІэр зезыхьэ проспектымрэ Осетинскэ уэрамымрэ я зэхэкІыпІэм деж роззэу 898-рэ, КъБКъУ-м и Іэгъуэблагъэм щыхасахэм ящыщу 30 щадыгъащ. А щІыпІэхэр фІыуэ яГьэнэхурыкъым, уэздыгъэхэр фІадзэн, видеокамерэхэр щагъэувын хуейщ. Полицэм хъыбар едгъэщІащ, щІэпхъаджащІэхэр къагъуэтыну дыкъагъэгугъащ. Нэхъыщхьэр ар ди щхьэм, ди щІэблэм папщІэ зэрытщІэр цІыхухэм къагурыІуэныщ, итІанэщ дыгъуэхэр нэхъ мащІэ щыхьынур, - жеІэ Тэрчокъуэ Хьэсэн.

НэгъуэщІ щІыналъэхэм щыпсэухэм ди зыгъэпсэхупІэр ягу дыхьэн папщІэ къалэдзэхэм куэд елъытащ. Нэхъапэхэми хуэдэу, къалэм и жыг хадэхэмрэ роззэмкІэхэм къыщыкІ роззэкІэ Налшык и дамыгъэ хъужьыфынущ. ИтІанэ, ар щІэрыщІэу «къэгъэгъэжьынущ» икІи нэхъапэм абы зэрихьэу щыта «роззэхэм я къалэ» цІэр зыІэригъэхьэжьырынущ.

БЖЬЫХЪЭЛІ Роззэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъатхэ уафэр гъуанэщ.

• Май щІыналъэ

Псы Іуфэхэм я нэІэ тетщ

Шэрэджыпсым и Іуфэм гъатхэ лэжьыгъэхэр щаублэ.

ИДЖЫПСТУ щыщІадзауэ гъэмахуэ псы къиугъуэм зыхуэбгъэхьэзырынырр Іуэху тыншкъым: щІыпІэ куэдым щелэжьыжьын хуейщ псы Іуфэхэр зэрыгъэбыдам. Нэхъыбэу ар зыхуэзэр Шэрэдж Ищхъэрэмрэ (Аруан щІыналъэ) Октябрьскэ жылагъуэмрэщ (Май щІыналъэ).

Мы къуажэхэр Шэрэдж и Іуфэ дыдэм Іусщ, псыдзэм и зэран уней лъапсэкэм, хадзэм щекІа куэдрэ къэхъуащ.

Псы Іуфэхэр гъэбыдэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт ухуакІуэ компаниехэм яІэщ Іэщ1агъэлІкэри техникэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Естественнэ монополиехэм я субъектхэм я лэжьэкIэм пыщIа IэхуэхэмкIэ щэхуакIуэхэм я Iэнатlэ зэхуаку совету щыIэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Естественнэ монополиехэм я субъектхэм я лэжьэкIэм пыщIа IэхуэхэмкIэ щэхуакIуэхэм я Iэнатlэ зэхуаку совету щыIэм хэтхэр къэщтэн.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Естественнэ монополиехэм я субъектхэм я лэжьэкIэм пыщIа IэхуэхэмкIэ щэхуакIуэхэм я Iэнатlэ зэхуаку совету щыIэм и Iэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъаз эм и 1-м къыдигъэкIа Указ №247-УГ-м и пункт 3-м и ещанэ абзацым.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м
№23-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыдигъэкIа Указ №23-УГ-мкIэ къыщащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Естественнэ монополиехэм я субъектхэм я лэжьэкIэм пыщIа Iэхуэхэмкlэ щэхуакIуэхэм я Iэнатlэ зэхуаку совету щыIэм

ХЭТХЭР

Афэщlыж Ю. С. - Хьэрычэтыщlэхэм я хуитыныгъэхэр хьумэныжыным уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр

Iэхъуэбэч А. Н. - Бахъсэн муниципальнэ районым щыпIэ унафэр зегъэкIуэныжкIэ и советым и тхьамадэр

Бэшорэ А. Т. - «Велес-Агро» жэуап зэхэгъэщхьэхуIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр

Беднев Ю. Ф. - «Урысейм и пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыIалъэ къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пенсионерхэм я союзым» и лIыкIуэр

Бердюжэ В. И. - «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и лIыкIуэр

Войтов А. И. - «Iуэху зэфIэзыгъэкI Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщI гупым ящыщыр

Горобцов В. В. - «Вольт лъагэм ирилажь аппаратурэ къыщIэзыгъэкI Налшык завод» акционер зэгухьэныгъэ зэIухэм и техническэ унафэщIыр

Гриневич В. В. - «Урысейм и Либерал-демократие парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и лIыкIуэр

Гъуэлl Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сату-промышленнэ палатэм и тхьамадэр

Кебеков В. С. - «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лIыкIуэр

Кьыльшыкьуэ А. И. - «ОПОРА России» бизнесым и Iэнатlэ мыинымрэ курытымрэ защIэгъэхъуэныжкIэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щыналъэ къудамэм и унафэщIыр

Къумал З. М. - «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и лIыкIуэр

Къущхьэ Р. Л. - ухэуныгъэмрэ ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр къыщIэзыгъэкI промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и тхьамадэр

Мэзло Р. Б. - «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэ щегъэкIуэныжкIэ щыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Макридов В. А. - «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэIухэм и инженер нэхъыщхьэр

Маслов Н. А. - «Урысейм папщIэ» щIыхубэ фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Матросов А. П. - Прохладнэ муниципальнэ районым щыпIэ унафэр зегъэкIуэныжкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэр

Мэшыкъуэ Хь. Хь. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союз» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ директорыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Отаров И. М. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щыпIэ унафэр зегъэкIуэныжкIэ и советым и унафэщIым

Хочуев А. Т. - Налшык къалэ округым щыпIэ унафэр зегъэкIуэныжкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэр

Хъущт Б. З. - «Севкавректген-Д» жэуап зэхэгъэщхьэхуIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъэкIыгъэ щхьэантIэхэр» къэрал мэкъумэш предприятэ зэгухьэным и унафэщIыр

Щхьэныкъуэ М. Ю. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щхьэкIуэхэм я хуитныгъэхэр хьумэныжкIэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэр.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныжкIэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIхэм лицензэхэр етыныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м къыдигъэкIа Указ №260-УГ-мкIэ къыщIэлъыкIуэр зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныжкIэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIхэм лицензэхэр етыныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, «Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныжкIэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIхэм лицензэхэр етыныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм и Iэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м къыдигъэкIа Указ №260-УГ-мкIэ къыщIэлъыкIуэр зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Жангороевэ Ж. С. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессионально щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет деджапIэм управленэмкIэ и институтым и унафэщIым *(зэгурыIуауэ)*

Романенкэ Б. С. - Зауэм, лэжьыгъэм, Iащэкlэ зэщIауэзэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым хэтыр *(зэгурыIуауэ)*

Хаджиев Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэм мылъку къэзылэжь и Iэнатlэм зегъэужьыныжкIэ, хьэрычэт Iэхуэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и комиссэм и тхьамадэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*;

б) Кошинбаевэ Т. А. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщIэтыным пыщIа Iэхуэхэмкlэ и управленэм и консультантыр (унафэ къэзылэтхэм ящыкIыщу)»;

в) Нэрэн В. Б. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Налшык къалэ округым и Iэтащхьэм и зэгухьэныгъэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щыналъэхэм я совет» ассоциацэм и лIыкIуэр *(зэгурыIуауэ)*»;

д) комиссэм хьэхэгъэкIыжьын Беккиев М. Ю., Сыжажэ В. Хьу., Чеченов М. Г. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 23-м
№28-УГ

КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ и управленэм и коллегие иджыблагъэ екIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Биткокъэ Владимир, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Дроздов Игорь, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимир, КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис, республикэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Управленэм и унафэщI КIуращын Анзор тепсэлъыхьащ 2015 гъэм ялэжьакъэмрэ мы гъэм я мурадхэмрэ.

- ГРАЖДАН жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ управленэм и къэрал программэр гъэзэщIэным 2015 гъэм республикэ бюджетым щыщу хухахащ сом мелуан 26-рэ мини 110-рэ. Абы щыщу илъэсым и кIэм ирихьэлIэу къэдгъэсэбэпащ сом мелуан 25,5-рэ. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху нэхъ цIыкIуэм яхуэзащ сом мелуан 4-рэ мин 415-рэ. Республикэм ис лъэпкъэм я зэхуаку дэлъ зэгурыIуэр гъэбыдэным теухуауэ зэфIаха лэжьыгъэм текIуэдащ сом мелуанрэ мин 83-рэ. Дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэным сом мелуани 8-рэ мини 183-рэ. Хамэщl щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм яхудиIэ пыщIэныгъэр гъэбыдэным сом мелуанрэ мин 832-рэ. Федеральнэ субсидиеу сом мин 296-рэ къэдгъэсэбэпащ, - жиIащ абы.

Республикэм ис лъэпкъэр, зи дин зэтемыхуэхэр зэгурыIуэу зэдзэпсэуным, лъэпкъхэм я щэнхабзэр, бзэр хъумэным, щIэныгъэм зэгухэзыхьым теухуауэ къызэрагъэпэща Iуэхуэхэм щыщу кьыхирыощащ «Куначество», «Акулы пера», «Масленица», «Национальная палитра» жыIуIэхэр.

КIуращынэр щхьэхуэу кьытеувыIащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм запыщIэным, Хэкум къэIэпхъуэжаэр мыбы щыIэ псэукIэм хэгъэзэгъэным теухуауэ управленэм илэжьакъэм. Абы и Iуэхуэ зиIэ ирагъащ Сирием къиIэпхъуэкIыжа ди лъэпкъэгъуэхэм ядэIэпыкъунэр. КъызэрыхихьэщамкIэ, нобэкIэ республикэм пIалъэкIэ щыпсэуну хуит ящIащ Сирием къиIэпхъуэкIыжа цIыху 856-рэ, вид на жительство яIащ 574-м, пIалъэкIэ зэIупльыныщ 144-рэ. 2015 - 2016 гъэ еджагъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэсщ хамэ къэрал къиIа студент 202-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым - студент 18. Къэпсэльъам зэрыжиIамкIэ, Сирием къиIэпхъуэкIыжахэм я процент 95-р анэдэлъхубзэкIэ мэпсалъэ, процентти 10-м урысибзэр ящIэ.

«Возрождение» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Гуппоев Тимур** тепсэлъыхьащ я Iуэхущlапlэм и къэлэнхэм. Абы зэгурыIамкIэ, адрей щыналъэхэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ебгъапщэмэ, республикэр Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ кьыкIэроху. Псалъэм папщIэ, къэрал субсидиерэ гранту кьыIэрыхьэр мащIэщ.

- Илъэс кIуам щыналъэхэм я проект 634-м федеральнэ субсидие хуагъэфащащ. Абы щыщу ди республикэм еIуэ хэхуар тIу къудейщ, - къьихьащ абы щапхъэу.

- КъБР-м и Муслымэнхэм я Iуэхущlапlэм ис мурад нэхъыщхьэщ исльам диным республикэм зыщегъэужьыныр, цIыхугъэр хуэмыдэ къыхэкIаэхэмрэ зи дин зэтемыхуэхэмрэ я зэхуаку зэгурыIуэ дэлъхьэныр, республикэм мамырыгъэ щыIэным телъэныныр, - жиIащ КъБР-м и Муслымэнхэм я Iуэхущlапlэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим** къыщыпсалъэм. Абы къыхигъэщащ ДУМ-мрэ Управленэмрэ зэчэнджэщу зэрызэдзалажьэр икIи ар сэбэп зэрыхьур. Управленэм дэлажьэкIэрэ, ДУМ-р хэтщ дуней псо, урысей, республикэ конференцэм.

Пащты Борис къыхигъэщащ Управленэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм дин Iуэхущlапlэхэми хъарзынэу зэрадэлажьэр.

Битокъуэ Владимиррэ Дроздов Игоррэ жаIащ коллегием къыщIэтэ Iуэхугъуэхэм арэзы уэкIэзэрещIыр икIи Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэхэм ехьэхъуэщ ехьэлIэныгъэ яIэну.

КIуращын Анзор жиIащ коллегием къыщыхалъхьа гупсысэхэр я лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпынур.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Лэжьыгъэ я куэдщ

● Зэ Iущlэхэр

● Зэхыхьэхэр

Ныр Зубер и цIэр фIащащ

Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужьи Ищхьэрэ къуажэм дэт курыт школ №94-м иджыблагъэ щекIуэкIащ гуфIэгъуэ зэIущIэ. Ар теухуат егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм илъэс куэдкIэ пэрыта, абы и зыужьыныгъэм зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа Ныр Зубер Азэмэт и къуэм и цIэр школым зэрыфIащам.

МАХУЭШХУЭ зэIущIэм кърихьэлIат район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къаздахъэ Олег, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, ветеранхэм я райсоветым и тхьамадэ Абазэ Анатолий, егъэджэныгъэм и ветеранхэр. Гуфlэгъуэр нэхъри игъэдахэрт ар зытещIыхьа, школым и япэ унафэщIу щыта езы Ныр Зубери махуэшхуэм къызэрыкIуар.

Нэхъыжьыфlымрэ адрей хьэщIэ лъапIэхэмрэ школ пщIантIэм шыгъуIастэкIэ къащIыпежьащ егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIуэхэмрэ. Фlэхъус псалъэкIэ зэфIэкIа нэужь, дауэдапщэм щыпащащ школ кIуэцIым. Абы и щIыхьэпIэм къыщызэрагъэпэщат Ныр Зубер и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ ятеуха гъэлъэгъуэныгъэ купщIафlэ. Школым и унафэщI Нэхущ Залинэ я пашэу егъэджакIуэхэмрэ ныжьыщIэхэмрэ зэхуэхьэса дэфтэрхэм яхэлъат Зубер теуха тхыгъэхэр, ар зэрылажьа журналхэр, ита урокхэм я планхэр зэрыт тетрадхэр, сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр.

Адэкlэ хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ еджапIэм кьепхауэ лажьэ гъэсапIэм, ахэр щIэсащ махуэшхуэм и щIыхькIэ нэхъыжьэ гъэпэща дерс зэпхьэхэм. Школым и унафэщIу илъэс куэдкIэ лажьа Нырым хуабжьу и гуапэ хуэащ и унэ етIуанэу илъытэу гъащIэм и ныкъуэр щигъэкIуа Iуэхущlапlэм и гъэсэнхэм щIэныгъэ кууРэ зэфIэкI зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зэрабгъэдэлъыр. Апхуэдэу ар щыгуфIыкIащ районым щекIуэкI зэпеуэсэхэм щколыр и ирагъэзыщIыкъым. Къапщтэмэ, курыт школхэр гъэ еджагъуэщIэм хэгъэхьэзырыныжкIэ екIуэкIауэ щыта ресурсхэпсо зэхьэзэхуэм Къулъкъужьи Ищхьэрэм дэт школ №94-м япэ уевIпIэр къыщихьащ. Апхуэдэ хьыбарыфIхэм иригушхуэрт Ныр, и лъэр нэхъри жан ищIу, и узыншагъэмрэ гукъыдэжьымрэ хагъахьуэ хуэдэу.

Еджапlэм и актовэ пэш хуитым щыпащащ гуфIэгъуэм. Ар къызэIуихащ Нэхущ Залинэ.

- «ЦIыхухэм папщIэ псэу!» къыхуеджэныгъэращ Ныр Зубер и гъащIэ гъуэзэу дапщэщи щытар, ноби щытыр, - жиIащ Нэхущым.

- ПащIэдзэ классэр иригъаджэу лэжьэн щIэзыдза Зубер и гъащIэм щыщу илъэс 48-рэ тыхь хуищIащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэху ди жылэм щызэтеувэным. А илъэсхэм ящыщу 37-кIэ ар щытащ школ директору.

Залинэ зэрыжиIамкIэ, Ныррэ и нэ щIэту зы щIэблэкъым икIи щIэблитIкъым курыт школым щIэныгъэ щызэзэгъэгъуэту ба-зэрагъэпэща Iуэхуэхэм щыщу кьыхирыощащ «Куначество», «Акулы пера», «Масленица», «Национальная палитра» жыIуIэхэр.

КIуращынэр щхьэхуэу кьытеувыIащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм запыщIэным, Хэкум къэIэпхъуэжаэр мыбы щыIэ псэукIэм хэгъэзэгъэным теухуауэ управленэм илэжьакъэм. Абы и Iуэхуэ зиIэ ирагъащ Сирием къиIэпхъуэкIыжа ди лъэпкъэгъуэхэм ядэIэпыкъунэр. КъызэрыхихьэщамкIэ, нобэкIэ республикэм пIалъэкIэ щыпсэуну хуит ящIащ Сирием къиIэпхъуэкIыжа цIыху 856-рэ, вид на жительство яIащ 574-м, пIалъэкIэ зэIупльыныщ 144-рэ. 2015 - 2016 гъэ еджагъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэсщ хамэ къэрал къиIа студент 202-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым - студент 18. Къэпсэльъам зэрыжиIамкIэ, Сирием къиIэпхъуэкIыжахэм я процент 95-р анэдэлъхубзэкIэ мэпсалъэ, процентти 10-м урысибзэр ящIэ.

«Возрождение» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Гуппоев Тимур** тепсэлъыхьащ я Iуэхущlапlэм и къэлэнхэм. Абы зэгурыIамкIэ, адрей щыналъэхэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ебгъапщэмэ, республикэр Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ кьыкIэроху. Псалъэм папщIэ, къэрал субсидиерэ гранту кьыIэрыхьэр мащIэщ.

- Илъэс кIуам щыналъэхэм я проект 634-м федеральнэ субсидие хуагъэфащащ. Абы щыщу ди республикэм еIуэ хэхуар тIу къудейщ, - къьихьащ абы щапхъэу.

- КъБР-м и Муслымэнхэм я Iуэхущlапlэм ис мурад нэхъыщхьэщ исльам диным республикэм зыщегъэужьыныр, цIыхугъэр хуэмыдэ, лъэпкъ зэхуэмыдэ къыхэкIаэхэмрэ зи дин зэтемыхуэхэмрэ я зэхуаку зэгурыIуэ дэлъхьэныр, республикэм мамырыгъэ щыIэным телъэныныр, - жиIащ КъБР-м и Муслымэнхэм я Iуэхущlапlэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим** къыщыпсалъэм. Абы къыхигъэщащ ДУМ-мрэ Управленэмрэ зэчэнджэщу зэрызэдзалажьэр икIи ар сэбэп зэрыхьур. Управленэм дэлажьэкIэрэ, ДУМ-р хэтщ дуней псо, урысей, республикэ конференцэм.

Пащты Борис къыхигъэщащ Управленэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм дин Iуэхущlапlэхэми хъарзынэу зэрадэлажьэр.

Битокъуэ Владимиррэ Дроздов Игоррэ жаIащ коллегием къыщIэтэ Iуэхугъуэхэм арэзы уэкIэзэрещIыр икIи Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэхэм ехьэхъуэщ ехьэлIэныгъэ яIэну.

КIуращын Анзор жиIащ коллегием къыщыхалъхьа гупсысэхэр я лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпынур.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэм пыщIа Iуэхуэхэр щыгъэблагъэкIыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэм пыщIа Iуэхуэхэр щыгъэблагъэкIыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хэсыгъэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхуэхэр щыгъуэзэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мазаем и 25-м
№433-П-П

«Ветеринариэм и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Ветеринариэм и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхуэхэр щыгъуэзэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мазаем и 25-м
№435-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ фэтэр куэд хъу унэхэм щIэсхэм я мылъку мыгуэшар капитальнэу зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр зэраубзыху Хабзэр къэщтэным и Iуэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм гъатхэпэм и 3-м ***Налшык къалэ №25-ПП***

Урысей Федерацэм псэупIэмкIэ и кодексым и 13-нэ статьям и пункт 8-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ фэтэр куэд хъу унэхэм щIэсхэм я мылъку мыгуэшар капитальнэу зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр зэраубзыху Хабзэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ фэтэр куэд хъу унэхэм щIэсхэм я мылъку мыгуэшар капитальнэу зэгъэпэщыжьын икIи абы хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и пэ кьуэдзэ Дадэ М. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl
МУСУКОВ Алий

Гъавэу яфIэкIуэдар, Iэщу лIар яхуэпшыныжьым теухуа мэкъумэш страхованэмкIэ зэгурыIуэныгъэм тету иратыжьын хуей ахъшэм щыщ Iыхьэм пэувын субсидиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу мэкъумэш продукц къэзылэжьэм (уней лъапсэхэм къыщIэзэрагъэпэща хозяйствэхэр зезыхьэхэм нэмыщI) зэрыратыж Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм гъатхэпэм и 3-м ***Налшык къалэ №28-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щI**:

Гъавэу яфIэкIуэдар, Iэщу лIар яхуэпшыныжьым теухуа мэкъумэш страхованэмкIэ зэгурыIуэныгъэм тету иратыжьын хуей ахъшэм щыщ Iыхьэм пэувын субсидиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу мэкъумэш продукц къэзылэжьэм (уней лъапсэхэм къыщIэзэрагъэпэща хозяйствэхэр зезыхьэхэм нэмыщI) зэрыратыж Хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къыдигъэкIа унафэ №316-ПП-мкIэ къыщIатам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) 10-нэ пунктым:

етIуанэ абзацым хэт «е щхьэусыгъуэр къигъэлъагъуэу щаIимыхьым деж» псалъэхэр хэгъэкIын;

щIэщыгъуэм мы къыкIэлъыкIуэм:

«КIуэкIуэ Б. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет деджапIэм управленэмкIэ и институтым и унафэщIым *(зэгурыIуауэ)*

Романенкэ Б. С. - Зауэм, лэжьыгъэм, Iащэкlэ зэщIауэзэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым хэтыр *(зэгурыIуауэ)*

Хаджиев Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэм мылъку къэзылэжь и Iэнатlэм зегъэужьыныжкIэ, хьэрычэт Iэхуэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и комиссэм и тхьамадэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*;

б) Кошинбаевэ Т. А. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщIэтыным пыщIа Iэхуэхэмкlэ и управленэм и консультантыр (унафэ къэзылэтхэм ящыкIыщу)»;

в) Нэрэн В. Б. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Налшык къалэ округым и Iэтащхьэм и зэгухьэныгъэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щыналъэхэм я совет» ассоциацэм и лIыкIуэр *(зэгурыIуауэ)*»;

д) комиссэм хьэхэгъэкIыжьын Беккиев М. Ю., Сыжажэ В. Хьу., Чеченов М. Г. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 23-м
№28-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныр, мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблагъэкIыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2014 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм гъатхэпэм и 16-м ***Налшык къалэ №33-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныр, мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблагъэкIыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2014 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №154-ПП-мкIэ къыщатам, халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий

Цыхубэм дэрэжэгъуэ езыт зэщхьэгъуэсхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэу, илъэс куэд хъуауэ утыкур зыгъэбжьыфIэхэу, унагъуэ дахэ зэдэзыухуэа зэщхьэгъуэсхэу ди республикэм щIыхь зиIэ и артист Мэршэнкъул Iэдэмрэ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Бесчокъуэ Майерэ иджыблагъэ ягъэлъэпIащ я юбилейхэр

Мэршэнкъул Iэдэм Мухьэж и къуэр 1941 гъэм мазаем и 19-м Бахъсэн районым щыщ Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Налшык дэт Макъамэ училищэм баяным щыхуеджа нэужь, ГИТИС-м щIэтIысхьащ. Ар къиухри ди республикэм и Музыкэ театрым къигъэзэжащ. Мэршэнкъул Iэдэм ящыщщ абы ялэу лэжьэн щыщIэзыдзахэм. Куэдым фIыуэ ялъэгъуа артистыр зыпэрыт IэнатIэм щагъэуп спектакль куэдым роль пэрытхэр илъэс 50-м щигъуауэ щегъэзащIэ. Апхуэдэхщ «Сильва», «Черный дракон», «Летучая мышь», «Свадьба в Малиновке» спектаклхэр, нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэу щIыхубэм гукъинэж ящыхъуащ икIи Iэдэм и творчествэм увыпIэ ин щеубыд 1969 гъэм Музыкэ театрыр зыIэзэрызэIуахуэ щыта Листов Константин и «Севастопольский вальс» опереттэм зэрыщыджэгуар.

Бесчокъуэ Майе Мусэбий и пхъур Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей (Старэ Урыху) къуажэм 1951 гъэм гъатхэпэм и 10-м къыщалъхуащ. Къуажэ школыр къиухри, япэщIыкIэ культпросвет училищэм, иужькIэ Ленинград дэт консерваторэм щеджащ. КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым зэрыщылажьэрэ Бесчокъуэм оперэ, опереттэ 50-м щIигъуи щыджэгуащ. Апхуэдэхщ «Кармен», «Травиата», «Сильва», «Евгений Онегин», «Марица» спектаклхэр, нэгъуэщIхэри. ЦIыхуэхм дэрэжэгъуэ езыт и макъ дахэм зымащIэкIи хэмыщIауэ ноби и зэфIэкI къигъэлъагъуэу Бесчокъуэр мэлажьэ.

КъБР-м и Музыкэ театрым, макъамэ гъэзджэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа зэщхьэгъуэсэ зэчиифIэхэр цIыху зэхъуапсэ унагъуэщ, езыхэм яхуэфащэ щIэблэ дахи къащIэхъуащ. Я бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэщ адэшхуэ-анэшхуэм я лъэ щIэзыгъкIыр, я гурыфIыгъуэр.

Зэщхьэгъуэсэхэр щагъэлъапIэ пшыхьым. *2011 гъэ*

«Сильва» оперетта Iэдэмрэ Майерэ щоджэгу.

«Проданная невеста» оперэм хэтхэщ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Музыкэ театрыр зыгъэбжьыфIэхэр

Мэршэнкъул Iэдэмрэ Бесчокъуэ Майерэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрыкIуэр щхьэусыгъуэ тщIыри ,упщIэ зыбжанэкIэ захуэдгъэзащ, гурэ псэкIэ зыпэрыт я лэжьыгъэм, я унагъуэ дахэм теухуауэ.

- Iэдэм, илъэс 50-м нэблагъэуэ Музыкэ театрым и утыкур здэбгъэбжьыфIэм, цIыхубэм ягу кьинэжа роль нэхъыщхьэ куэд бгъэзэщIащ. Москва ГИТИС-р къэбухыу ди щIыналъэм къыщыбгъэзэжам япэу бгъэзэщIэну къыпхуихуа ролыр сыт хуэдэт?

- Москва, Ленинград, Саратов консерваторэхэм, ГИТИС-м щеджэу къэзыгъэзэжа гупхэм ди республикэм и Музыкэ театрыр 1969 гъэм къызэIутхуэу щытащ Листов Константин и «Севастопольский вальс» апэ опереттэмкIэ. Бессмертный Генкэ и ролыр щызгъэзэщIа а лэжьыгъэр сэркIэ лъапIэ дыдэщ икIи си творчествэм увыпIэфI щеубыд. ЦIыхуэхм ягу кьинэжауэ куэдрэ тепсэлъыхьыжащ а спектаклым.

- АдыгэбзэкIэ фыщыджэгуа спектаклхэм я гугъу ящхьтхуэщIыт.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэбзэкIэ мащIэ дыдэрэщ дызэрыджэгуар. Ар IутIыж Борис и «Шэмхьун и фызышэ» тхыгъэм Балэ Мухьэдин къытрищIыкIа, Жырыкъ Зауррэ Шэджыхьащ Хьэмыщджэ зэдатха «Гум и щэху» спектаклхэрщ. Аэрри цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуахэм ящыщщ. Адыгэ спектакль куэдым дыщIыщымыджэгуам и щхьэусыгъуэр дызыхуеджа музыкальнэ комедиэ жанрым хыхьэ нэгъуэщI пэжыгъэхэр Музыкэ театрым зэрыщамыгъэуварщ. А жанрым хуеджауэ ди республикэм исыр апхуэдизкIэ мащIэщ, IэпэкIэ къыпхуэбжьынущ. Оперэ, опереттэ, балет жьыIэми дыщыджэгуа лэжьыгъэ псори урыси бзэм зэрагъэуварар. Ди яужькIэ артистхэр ирагъэджэжакъым. Ди жьгъуэ зэрыхъунщи, Кавказ Ищхъэрэм ГъэзджэхэмкIэ и къэрал институтым апхуэдэ куэдамэ иIэкъым. Абы гу лъатэу, апхуэдэ куэдамэ къыщIэуахыну и чэзут.

- Артист нэсым и нэщэнэу, цIыхубзхэм я ролхэр щыбгъэзэщIаи мыззэмыгIэщ къыпхуихуащ. УцIыхухъуэу тынш къыщIэкIынтэкъым театрепIъхэми я фIэщ ухъуу икIи ягу удыхьэу бзылъхугъэм и хьэл-щэныр, и дуней тетыкIэр хъэбгъэлъэгъуэныр

- Сыт хуэдэ роль къысхуагъэфащэми, сфIэфIу, сфIэгъащIэгъуэну сызэрыджэгур арагъэнщ гугъущэ сыдемыкIу дэтхэнэрэм къыщIэхъунIэр. Зэи си фIэщ хьунтэкъым «Здравствуйте, я ваша тётя» спектаклым къыхэщ Донна Розэ цIыхубзым и хьэлым сысейм техуэну. «Гум и щэху» спектаклми щызгъэзэщIар Жан бзылъхугъэм и ролырщ. Ар зи фIыгъэр ГИТИС-м и егъэджакIуэхэм сыт хуэдэ ролри къыдэхъулIэу дыджэгуфу дызэрагъэзащI.

- Iэдэм, гъэзджэм и лэжьакIуэхэм, артистхэм, уэрэджыIакIуэхэм щыналъэ куэдым зыкъыщагъэлъэгъуэну къахуохуэ. Фыздэщыта щIыпIэхэм ящыщ нэхъ уигу кьинэжахэм я гугъу уэзгъэщIынут.

- ЩIыпIэ куэдым дыщыIащ. Я пэ дыдэкIуэуэ щытар Армениеи и къалащхьэ Ереванщ. Абы щыщIэдзауэ спектакль куэд дгъэлъэгъуащ, театрхэм тIысыпIэ имыIэжу, билет къэзыщхунухэм ямыгъэтыжу, пщIэшхуэ къытхуащIу. Совет Союзым и щIыналъэ псори зэщIэдгъэхьауэ щытащ. 1978 гъэм Украинэм и Харьков къалэм маззкIэ зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дыкIуат. «Свадьба в Малиновке» спектаклыр дгъэлъэгъуауэ, театрым и гъэнэгъуэ щыт хьэщIэщым сыкъыщыщIыхьэжым, адыгэбзэкIэ уэрсэру псалъэ щIалиплIым сарихьэлIащ. Сэлам зэтха нэужь, жаIащ ухуэныгъэ лэжьыгъэм зэрыхэтыр, Налшык икIыу а къалэм IэхуэкIэ къыщыувыIати, зэман къащыхудэхуэм ди спектаклым зэреплъар. Нэхущ Заур зи пашэ ди хэкуэгъу щIалэхэм хуабжу я гуапэ хъуащ икIи ягъэщIэгъуащ апхуэдизу зэфIэкIрэ пщIэрэ диIэу Украинэм спектакль зэрыщыдгъэлъэгъуар. ХьэщIэхэр си пэшым здыщIэсшэри нэху щыхуу дыщысауэ щытащ.

- Майе, Ленинград консерваторэр къэбухыу къэбгъэзэжа нэужь, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым лэжьэн зэрыщыщIэбдзам укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.

- Ди щIыналъэм щыщу Ленинград консерваторэм япэу ягъэкIуа гупыр актёр Iззагъэм хурагъэджащ. Ахэр сценэм дахэу къыщыцIэу икIи щыпсалъэу ирагъэсащ. ИльэситхУ дэкIыу, а еджапIэм щIэтIысха ди гупыр уэрэд жьIэным и закъуэщ дызыхуорагъэджар. Лэжьэн щIэздза нэужь, макъ сиIэ щхьэкIэ, актёр Iззагъэ схэльтэкъыми, гугъу сехьырт. Си япэ къэкIуэжа гупым садэплъейуэ щIэзгъдащ. Ахэр зэрыджэгум хуэдэу фIыуэ къызэхъулIэртэкъыми, Iэдэм куэдкIэ къызэдэIэпыкъуащ. Къэбгъэльагъуэмэ, сызэрыджэгуфри, сыкъызэрыфэфри, сызэрыпсэльэфри аращ зи фIыгъэр. Абыхэм хурамыгъэджахэр гугъу йохь. Апхуэдэ гулъытэ хуащIу абыхэм ядэлэжьэн диIэкъым.

Лэжьэн зэрыщIэздзэу, макъкIыфI уиIэщ къызжаIэурэ роль нэхъыщхьэхэр къыслухуэфэщащ, Ятэ дыдэу сызыхэта «Сильва» опереттэм Iэдэм - Бони и ролыр, сэ - Сильвэ ейр щызэдзгъэзэщIащ. Абы ирихьэлIэу «Белоснежка» спектаклым Iэдэм пащтыхьыкIуэу, сэ Белоснежкэу дыщызэдзгъэгуащ.

- Майе, бгъэзэщIа ролхэм ящыщу нэхъ уигу кьинэжахэр сыт хуэдэ? ИтIанэ, узыщIэхъуэпсу къыщIэхъулIамыса роль щыIэ?

- Музыкэ театрым щагъэува лэжьыгъэ 50-м нэблагъэм сыщыщджэгуащ. Абыхэм ящыщу 15-м роль нэхъыщхьэхэр щызгъэзэщIащ. Нэхъ сигу кьинэжахэм ящыщщ «Мадинэ», «Дахэнагъуэ», «Къамботрэ Пацэрэ», «Кармен» оперэхэр, «Кармен», «Травиатэ» оперэхэр уафэмрэ щыIэлъэмрэ хуэдэу зэпэжьжьэми, нэгъуэщIым сызэримыхъуэкIыу илъэс зыбжанэкIэ жысIащ. Нобэр къызэдэсым ахэр цIыхуэхэм ягу кьинэжащ. ДызэзэхъуэкIынэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу, дысымаджэми дыдлэжьэн хуей хъурт.

- Сызэхъуапсэ роль щIыпIащ, арщхьэкIэ ахэр щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ди театрым щамыгъэуву къэнащ. Апхуэдэщ Чайковский Пётр и «Пиковая дама» оперэр. Лизэ и ролыр хуабжу сигу дихьэрт, а ариер згъэзэщIэну сыщIэхъуэпсырт.

- Щоджэнщ1ыкIу Алий и поэмэм къытращIыкIыу Къардэн Хьэсэнэр Балэ Мухьэдинрэ зэдатха «Мадинэ» оперэм роль нэхъыщхьэр щыбгъэзэщIауэ щытащ. Режиссёр Дзбагъуэ Роман нэгъабэ ар щIэрыщIэу игъэуващ. Абы Мадинэ и анэу уэзрыщыджэгуам дыщигъуазэщ. А лэжьыгъэр къызэрыпщыхъуам теухуауэ сыт жыпIэнт?

- Пэжщ, нэхъапэIуэкIэ а оперэр щагъэувам Мадинэу сыхэтащ. Нэгъабэ ар щIэрыщIэу утыку къыщитхьэм, Мадинэ и анэм и ролыр згъэзэщIащ. Пэжыр жыпIэмэ, абы сыщыджэгуну сыщыхыхьэм сщIатэкъым и сюжетыр зэрызэрахъуэкIар. Абы еплъахэм ящIа япэрей оперэм ар зэремыщхьыжьыр. Режиссёрым тхыгъэм и сюжетым и Iэхуу епльыкIэр хилхъэу игъэувыну хуиту къальытэми, абыкIэ сыарэзыкъым. А оперэр къызытращIыкIа Щоджэнщ1ыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэр курыт школым щадж. Оперэмрэ поэмэмрэ зэры зэтемыхуэр зыльагъу ныбжьыщIэхэм къальытэнущ яджар пцIыуэ, Мадинэ и адэ-анэм емыдаIуэу щIэпхъуэжауэ, тхъуэу-псэуу къэнэжауэ. Сэ къыщызрыслъытэмкIэ, классикхэм я тхыгъэхэр режиссёрхэм зэрыхуейуэ зэрахъуэкIыжмэ, зыри къытхуэнэжьнукъым. Адыгэр дызэрыгушхуэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр ди куэдкъым. Оперищ диIэу аращи, ахэр тхъумэну, зэпымыуэ сценэм щыдгъэльэгъуэну ди къалэнщ. Кавказ Ищхъэрэ федералнэ щIыналъэ псом апхуэдэ пэжыгъэ зиIэ къэзгъэлъэгъуар лъэпкъ искъым. СхуэзэфIэкIамэ, адыгэ оперэхэр, спектаклхэр зэпымыуэ утыку къысхьэнт.

- Гастроль фыздэщыIа щIыпIэхэм ятеухуа уи гугъкъэкIыжхэмкIэ укъыддэгуэшамэ ди гуапэт.

- СыкъыщыкIуэжа илъэсым Iэдэм сымэ я гъуэгу сежьащ. Спектаклхэм сыкъэтэкъыми. Ауэ къыкIэлъыкIуэхэм иризгъэжьажащ. Урысейм и щIыпIэ куэдым, гъунэгъу кьалэхэм дыщыIащ. Дауи, тынштэкъым мазэкIэ зы щIыпIэ ущыIэну, ауэ абы апхуэдизкIэ десати, къытхуэмыгъэсу дыпэплъэрт. ДызэдкIуэ щIыналъэхэм хуабжу щыщIэзгъэ зы щIыпIэ щыIэ ди макъэр ягу дыхьэрт, Iэгуауэшхуэ тхуаIэтырт, удз гъэсагъахэмкIэ дыщIагъанэрт. Къищынэмыщ1аIуэ, ди цIэкIэр зыхэт эсхэуэ тхуаусырт, сагъэтэхэр къытхуащIырт.

Ди лэжьыгъэр апхуэдизкIэ фIыуэ тлъагъурти, абы къыщIэкIуэ дзэжьгъуэм, пщIэм гугъуехьэкIэ тщигъэгъупщэрт. Абы щыгIуэм унафэщI IэкIуэльакIуэу Локъуэ Марие диIащ. Ар щылэжьа илъэсхэм ди театрым екъуIэныбжьэфIхэр иIащ, зиужьащ, ефIэкIуащ.

- Кавказ Ищхъэрэм ГъуаздджэхэмкIэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуаздджэхэмкIэ колледжми щыбогъэдж. Майе, Абы некIуалIэ еджакIуэхэр макъамэм зэрыдихьэхым я гугъу уэзгъэщIынут.

- Иджыпсту щIалэгъуалэ куэд утыкум итщ, телевиденэм кьохьэ. Хуабжу зэран къытхуохьу уэрэд жьIэным хуемыджауэ, щIэныгъэ ямыIэу, ауэ уэрэд мышыуэкIэ зэ хэзыльхьэжурэ жьаIэ щIалэгъуалэр. Абыхэм якIэпъыпльын диIамэ хъарзынэт. Ахэри щрелэ, ауэ апхуэдэ дыдэу хуиту бутIыпщ хъунукъым. Ди деж классикэ макъамэр фIыуэ ялъагъуу къакIуэурэ щеджэ цIыкIухэр абыхэм доплъейри оперэ уэрэдхэр Iэщыб ящыну хуожьэ. Ауэ диIэщ театрми эстрадэми хэзэгъа, екъулIэныгъэ яIэу тIури зэдэзыих гъэсэнхэри.

Хъурей Феликс зи унафэщIу щыта автотранспорт Iуэхущ1аIэм пэш щытхухихыу Iэдэмрэ сэра абы къыщыщIэIутхауэ щыта Сабий музыкэ театрым щIэупщIэшхуэ, екъулIэныгъэ иIэу, цIыкIухэр куэду кърашалIэу щы-тащ. Абы егъэджакIуэ 20-м нэблагъэ щылажьэу, ныбжьыщIэ 50 хуэдиз щеджэу щытащ. Ауэ къэраларыр щыкъутэжьм ари зэхуащIыжащ. Абы къэкIуалIэу щыта цIыкIуэхэми, я адэ-анэхэми нобэр къыздэсым фIыщIэ къытхуащI. Дгъэсэхэм артист, режиссёр, уэрэджыIакIуэ куэд къахэкIащ.

- Театр гъуазджэм пщIэрэ екъулIэныгъэрэ зэрыщывIэм къыдэкIуэу, унагъуэ зэгурыIуэ икIи быдэ къызэхъулIа, щIэблэ дахэ къызыщIэхъуа артист зырызхэм фащыщщ, Майе. Илъэс 42-кIэ уэрэбэкIыжрэ фи Iуэхур къыззрекIуэкIам дыхэбгъэгъуэзамэ ди гуапэт.

- Iэдэмрэ сэрэ илъэсищкIэ дызэхуэза, фIыуэ дызэрыщIыхуа нэужьщ унагъуэ зэдэдухуэну дыщытегущыхуар. Ятэ дыдэу Iэдэм щыслъэгъуар гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэм консерваторэм сыкъыкIыжауэ кульпросвет училищэм куэдыздеджа си ныбжьэгъуэхэм я ныбжьэгъуэхэм я деж тетыкIэм апхуэдизкIэ зэщIэкъуэгъуэ, а ныбжьэгъуэхэм я деж тетым сыщыкIуарщ. Ахэр хорым хэтт, «Кавказская племянница» спектаклым зыхуагъэхьэзырырт. Абы щыдэгущI КIуащ Верэ, Сьлэчи Хьэчим, Мэршэнкъул Iэдэм сымэ. Сэ абыхэм я утыку итыкIэм сфIэгъэщIэгъуэн дыдэу сыкIэлъпльырт. Абы щыгъуэм, иджыри си нэгу щIэтщ, Iэдэм нэхъ нэ лейкIэ сеплъауэ зэрыщытар. Ди Iуэхур гъэщIэгъуэну къекIуэкIащ. Сэ згъэзэжри иджыри илъэситIкIэ сежащ, Iэдэм и щхьэгъуэгъэ дунейм ехьжри, илъэситIрэ ныкъуэрэ хъу Мадинэ цIыкIу къыхуэнащ. Къэзуха нэужь, ди Музыкэ театрым сыщылэжьэн щIэздзэри хуэм-хуэмурэ Iэдэмрэ сэрэ зэныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. Iэдэжм дыщIрагъэгъуэжьну иужь итащ, ауэ зыми дедэIуакъым. Апхуэдэу зыми я фIэщ дымыхъуурэ, езы тIур дыпэлъэщыну къытщыхъуу дытегушхуэри, зы унагъуэ дахэ зэдгъэпэщащ. Зы хьыджэбзэрэ зы щIалэрэ - Iэминэрэ Къантемыррэ - къытщIэхъуащ. Ди бынищри унагъуэ хъуащ, быни иIэжщ. Ди щIэблэращ ди гуфIэгъуэр. Абыхэм я ехъулIэныгъэхэм, зэфIэкIэм дагъэгушхуэ.

- Уэныщагъэ фиIэу, фи щIэблэм я гуфIэгъуэ фльагъуу, фи зэфIэкIыр мыкIуэщIу иджыри илъэс куэдкIэ фыкъызэдэгъуэгурыкIуэну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

Апхуэдэхэр зырызыххэщ

Мэршэнкъул Iэдэмрэ Бесчокъуэ Майерэ я ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъуи ирихьэлIэу я лэжьэгъуэхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ къэдгъэпсэлъащ, зэщхьэгъуэсэхэм я гъащIэм, дуней тетыкIэм, хьэл-щэным, унагъуэм теухуауэ, Абыхэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

Таукеновэ Галинэ, *Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ:*

- Iэдэмрэ сэрэ япэщIыкIэ ди Музыкэ училищэм, иужькIэ Москва ГИТИС-м илъэситхукIэ дыщIэздеджащ. Ухабжьу дызэрыгъэныбжьэгъут, здэлъхуэзэшIпхъуэ хуэдэу дызэхущIт. Iэдэм и зыхуэпэкIэкIи и дуней тетыкIэкIи апхуэдизкIэ зэщIэкъуэгъуэ, адыгэпщкIэ къеджэхэт. Ар сытым дежи цIыху гуапэу, жэуаплныгъэ хэлъу, ныбжьэгъу пэжу, дэIэпыкъуэгъу хуейм зыщIигъакъуэу апхуэдэщ.

Iэдэм и щхьэгъуэсэ Майерэ сэрэ Музыкэ театрми Кавказ Ищхъэрэм ГъуаздджэхэмкIэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуаздджэхэмкIэ и колледжми дыщIэзздолажьэ. Уэрэджыакъуэ нэхъ Iззэ дыдэхэм, зэфIэкI зиIэхэм ящыщщ. УнагъуэкIи илъэс зыбжанэ хъуауэ дызэрогъэныбжьэгъу, дызэкIэлъэокIуэ. Адыгэ хабзэм езыхэм сыхагъэгъэуэзащ, сэ дыдейр езгъэщIащ. Зэщхьэгъуэсэхэр куэдым я щапхъэщ Гъащ1эми сценэми къызэрыщIэздзэгъэгурыкIуэфымкIэ, хабзэ, нэмыс зэрыIъ унагъуэ дахэ зэраухуамкIэ, я бынхэм щIэныгъэ, я гъэсэныгъэ екIу зэрыратамкIэ. Iэдэм илъэс 75-рэ ирикъуами, и тепльэкIэ апхуэдизэ зэрымытынур зи фIыгъэр сыт щыгъуи абы зи нэIэ тезыгъэт Майещ. Узынщагъэ, ехъулIэныгъэ яIэу, гукъеуэншэу псэуну си гуапэщ.

Хъупсырджэн Албэч, *УФ-м щIыхь зиIэ и артист:*

- Iэдэмрэ Майерэ илъэс куэд щIауэ си цIыхугъэщ, я унагъуи мыззмытIэу сыщыкъэщIащ, зэгурыIуэрэ пщIэрэ ди зэхуакIэ дэлъщ, гуапэу дызэхущытщ. Зэщхьэгъуэсэхэм нэхърэ сынэхъыщIэми, еджапIэр къэзуухыу къэзгъэзэжа нэужь, зэгъуэсу сценэм куэдрэ дызэдитащ. ТIури зи лэжьыгъэм хуэIэижь, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа артистыщхъэхэщ. Ятэ адыгэ опер цIыхубэ уэрэджыакIуэ, зэфIэкI зиIэ Майерэ сэрэ илъэс 30-м щигъукIэ дызэдэлэжьащ, ди макъэр зэтехуэу, лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я ролхэр зэдэдгъэзащIэу. Ноби утыку дызэдитыфынущ. Я гум илъыр къехъулIэу, я щIэблэм я гуфIэгъуэ ялъагъуу куэдрэ зэдэпсэуну сохъуэхъу!

Къуныжь Алим, *КъБР-м и цIыхубэ артист:*

- КъБР-м и Музыкэ театрым и лэжьакIуэ пашэхэу Мэршэнкъул Iэдэмрэ Бесчокъуэ Майерэ нэхъыфI дыдэу сльагъу артистхэм ящыщщ. Зэщхьэгъуэсхэм республикэм и театр, макъамэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуащIащ, ныбжьэкъуэдзэми я зэфIэкI ямыбгъэжу мэлажьэ. Мэршэнкъул Iэдэм, Бепаев Сергей, Караев Михаил сымэ дызэгъуэсу уэрэджыакIуэхэм я «Сосрыкъуэ» ансамблир 1971 гъэм къызэдгъэпэщащэу щытащ. Абы щыщIэдзауэ Iэдэмрэ сэрэ дызэдолажьэ, уеблэмэ театрым сызэрыкIуам абы и фIыщIэ хэлъщ. Илъэс куэд хъуауэ Iэдэми Майи соцIыхури, зэщхьэгъуэсэхэм ятеухуауэ псалъэ дахэ фIэкIа схужьIэнукъым. ЦIыху гуапэхэщ, сыт щыгъуи чэнджэщагъэшхуэ къысхуохьухэр. Узынщагъэ, дэрэжэгъуэ яIэу ди театрым и утыкур иджыри илъэс куэдкIэ гуфIэгъуэ щымыщIэну Тхьэм жиIэ!

Батыр Мухьэдин, *УФ-м щIыхь зиIэ и артист:*

- Мэршэнкъул Iэдэм ящыщщ КъБР-м и Музыкэ театрыр къызэIутха артистхэм. «Мышэ и къуэ Батыр» спектаклым зэгъуэсу дызэрыщыщIэздзэгъуар гукъинэж сщыхъуащ. Апхуэдэ артист зэчиифIэхэр зырызыхэщ. Бесчокъуэ Майи цIыхубэм ягу дыхьа макъ дахэ, гуакIуэ зиIэ уэрэджыакIуэщ. Романсхэр, ариехэр абы зэрыжиIэм уедэIуэну уасэ зимыIэщ. Зэщхьэгъуэсхэм илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ макъамэ гъуазджэм зрагъэжь, а унэтIыныгъэр ирагъэфIакIуэ. ГъащIэ дахэ къызэдгъэщIэну, жьыщхьэ махуэ хъуну сахуохъуахъуэ!

Шэджыхьэщ1э Аслъэнбий,- *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:*

- Ленинград дэт консерваторэр 1979 гъэм къззуухыу къызэрызгъэзэжэрэ Iэдэмрэ Майерэ соцIыхь. Майе къыщIиуха гъэм сэ а еджапIэм сыщIэтIысхьащ. КъБР-м и Музыкэ театрым ар илъэситхукIэ щыпэжьауэ сэ къзгъэзэжащ. ЗэрытщIэщи, оперэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу къалытэ Бизе Жорж и «Кармен»-р. А лэжьыгъэр 1980 гъэм накъыигъэм и 7-м Майерэ сэрэ япэу утыку къитхащ, лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я ролхэр зэдэдгъэзащIэу. Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ театрэхэр къапщтэмэ, ар япэу къызэхуэлIар ди Музыкэ театрыщ.

Зэщхьэгъуэсэхэр хабзэ, нэмыс зыхэлъ цIыху гуапэхэщ. Зэдэлжьэгъу къудей дымыхъуу, унагъуэкIи дызэкIэлъокIуэ, фIыуэ дызэрольагъу. СэркIэ артист лъапIэхэщ, ущыхуей дыдэм дэIэпыкъуэгъу къыпхуохъуфхэр. Узынщагъэ быдэ яIэу, нобэ хуэдэу зэрыIыгъыу республикэм и гъуазджэр адэкIи ирагъэфIакIуэу, илъэс бжыгъэ куэдкIэ иджыри дагъэгуфIэу Тхьэм ди япэ иригъэтха!

Калабековэ Ирэ, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ:*

- 1981 гъэм Музыкэ театрым лэжьэн щыщIэздзам щегъэжьауэ нобэр къызэдэсым пщIэшхуэ хузощI икIи фIыуэ солъагъу опереттэм и актёр нэс Мэршэнкъул Iэдэмрэ оперэ уэрэджыакIуэ цIэрыIуэ Бесчокъуэ Майерэ. Хуэдэхэр зырызыхэщ зыхужьIпIэну лэжьакIуэхэщ ахэр. Зэщхьэгъуэсхэм узынщагъэ быдэ яIэну, гъащIэ кIыхь къызэдгъэщIэну, я щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд ялъагъуну, фIыгъуэу щыIэр Тхьэм хъабгъэдилъхьэну ди гуапэщ.

Дау Марьянэ, *УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ:*

- Ди республикэм и Музыкэ театрыр зыгъэбжьыфIэ Мэршэнкъул Iэдэмрэ Бесчокъуэ Майерэ псалъэ гуапэ мыухыжхэр яхуэфащщ. Республикэм и макъамэ гъуазджэм зегъэужьыныным,ар егъэфIакIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ зэщхьэгъуэсхэм. Зэманыр сыт хуэдизу ткIийуэ къытхущIэмыкIами, гъуазджэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр зрихьэлIэ гугъуехьэхэм ахэр къахуэгъэшакъым. Зэщхьэгъуэсхэр утыку итщ я лэжьыгъэр ямыхъуэжу, цIыхухэм дзрэжгъуэ мыухыж ирату, лъэпкъым щапхъэ яхуэхъуу. Абы папщIэ фIыщIэшхуэ яхуэфащщу, гулъытэ, пщIэ яхуэщIыпхъэу кIыхьэлъытэ.

Ди театрыр зыгъэбжьыфIэ зэщхьэгъуэсэ зэчиифIэхэм я щхьэм, я унагъуэм, я лъэпкъым теухуауэ я гум илъыр кьехъулIэну си гуапэщ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

Iэдэмрэ Майерэ я унагъуэр.

Я лэжьэгъуэхэм ягъусэу.

НапэкIуэцIым ит тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар **ТекIужь Заретэщ**

● ДифI догъэтъапIэ

Хьэщlэхэм тхыдэмкlэ музейм зыщапльыхь.

Бэлэтокъуэ Владимир Мэшбащlэ Исхьэкъ «Тэрч къалэм щlыхь зиlэ и цlыху» цlэр къызэрыфlащам щыхьэт техъуэ дэфтэрыр кърет.

Мэшбащlэ Исхьэкъ Джылахъстэнейм щаlэт

УФ-м и Тхакlуэм я союзым и унафэщlым и къуэдз, Адыгэ Республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цlыхубзэ тхакlуэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, СНГ-м хыхьэ хэралхэм я Тхакlуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и Гъэзэщlакlуэ гупым и унафэщlым и къуэдз, УФ-м и Президентым и лыкlуэу Илщэ федеральнэ щыналъэм щыlэм егъэщlылlаеуэ лажьэ Нэхъыжьхэм я советым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Щlэныгъэхэмкlэ Абхъаз Академием я академик, Кубаным гъуэдджэмкlэ щыхь зиlэ и лэжьакlуэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал сауэтэхэм, Шолоховым, Островскэм я цlэкlэ щыlэ литературэ сауэтэхэм я лауреат, «Хэкум и пащхьэ щиlэ фIыщlэм папщlэ» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгеим и Щыхь» медалыр, Абхъаз Республикэм и «Пщlэмрэ Щlыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и ныужьныгъэм хуищlа хэлъхьэныгъэм папщlэ» медалым и япэ нагъыщэр зыхуагъэфаща Мэшбащlэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъур хуигъэлъэпIэн мурадкlэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьищта унафэм ипкъ иткlэ, 2016 гъэр абы и илъэсу иокlуэкlэ, А Iуэху дахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжьащ Тэрч щыналъэм щызэхэта пшыхь гуапэмкlэ.

ХЬЭЩlЭХУЭФIУ, я хабзэжь я хэкужь щахъумэу, цlыхугъэмрэ гуапагъэмрэ я лъахэу сыт щыгъуи къальытэ Джылахъстэней щlыналъэм зэрихабзэти, пшынауэ макъым щlэту къыпежьащ Мэшбащlэм, махъсымэбжьэри къыlэщlагъэуващ. Исхьэкъ и гъусэу гупышхуэ кlуат а махуэм Тэрч районым. Бысымхэм ирагъэблагъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Советым хэт **Хьэфlыцlэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щlыналъэ политикlэм и управленэм и унафэщl **Къуэжей Артём**, Щоджэнцыкlу Алий и щlэр зезыхьэ фондым и Iэтащхьэ **Щоджэнцыкlу Леонид**, Урысей Федерацэм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щхьэбзэ автономием и тхьэмадэ **Уэхъутэ Александр**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и щlэныгъэ институтым и лэжьакlуэ **Хьэжь Анатолэ**, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым хэтхэу хамэ къэралхэм, гъунэгъу хэгъэгухэм къикlа хьэщlэхэр.

Къыщыхъуа жылэм и тхыдэмрэ и зыужьыкlэмрэ зыфIэмыльапIэ зы лъэпкъи цlыхуи щыlэу къыщlэкlынкъым. Тэрч щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Бэлэтокъуэ Владимир** хьэщlэхэр ирегъэблагъащ куейм и тхьдэ музейм. Къалэкъум ит унэ дахэм щызэхэхуэхьэсащ экспонат 1300-м нэблагъэ. Абыхэм нэрылъагъуу къыпхуаIуатэ Джылахъстэнейм и къекlуэкlыкlар, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зыхэтар, щlэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, спорт, щэнхабзэ, мэкъумэш Iэнатlэхэм зэрызауэкар, Къэбэрдей цlыкlум къыхэкlа политикъэм, щlэныгъэлIэхэм, техкlуэхэм, усакlуэхэм я хъыбархэр. Зауэм щызэрахьа лIыхъужьыгъэхэр, лэжьыгъэм щызыlэрагъэхьаехьулIэныгъэхэр, Iэпщlэлъапщlагъэм къыпэкlуа фIыгъэхэр, щlыналъэм къикlуа гъуэгуанэр ибольагъуэ музейм щlэлъ сурэтхэм, дэфтэрхэм, тхыгъэхэм, газетхэм, тхылъхэм, хьэпшыпхэм. Сыхьэт ныкъуэм къриуфыбздэу хьэщlэхэм я нэгу щlэкlащ Джылахъстэнейр зэрызэсфIэува щlыкlэмрэ и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ.

А псоми фIэтельыдыжэу елпъа Мэшбащlэ Исхьэкъ ирагъэблагъащ район администрацэм и пэщ нэхъ иным. «Си лъэнтхуэм хэтщ бгырыс пшынальэр» зэхьыхьэм елпъыну абы щызэхуэсат куейм хьыхь жылэхэм я лIыкlыхэр, кьуажэдэс нэхъыжьыфIхэр, интеллигенцэр.

Зэлъщlэр езыгъэкlуэкlа **Пэнагуэ Залымрэ Iимам Замратрэ** фIэхьыс гуапэкlэ ирагъэблагъащ хьэщlэхэр, икlиахэр зэпадзыжу тепсэлъыхьащ Мэшбащlэ Исхьэкъ и гъащlэр къызэрекlуэкlамрэ и лэжьыгъэхэр зыхуэдэмрэ. Апхуэдэуи къыхагъащащ Мэшбащlэ Исхьэкъ къалэм къызэрыщтэрэ лъахэмрэ лъэпкъымрэ я IэфIагъыр, я дахагъыр хъуэпсэгъуэу, гъэу къызэригъэльагъэу, гуэхэлъ пшынальэмрэ проз хупщlа-фIэмрэ зэбгъэдэхьпIэ имыIэу къызэрехъулIэр.

Тэрч щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Бэлэтокъуэ Владимир утыкум къыщыригъэблагъэм зыlащ Мэшбащlэ Исхьэкъ хуэдэ лIы щджащэ зиlэ лъэпкъыр насыпифIэу къызэрильытэр.

- Абы и Iэдакъэщlэкlыр лъэпкъпсо зыщlупIыкlэ хъун защlэщ, и дэтхэнэ тхыгъэри адыгэм и тхыдэ куущ. Ди хьэщlэм и романхэм къахэщlыр блэкlа жыжьэм и лъэужьым и закъуэхьым, атlэ къэкlуэнум хуэкlуэ гъуэгури Iупщlу къыхобелджылыкl. Арагъэнщ абы и Iэдакъэщlэкlэр Джылахъстэнейм фIыуэ щыщlалъагъур. Къэбэрдей цlыкlум, хэт щlэрэ, зы тхыгъэ тебухуэтэмэ, хуабжу ди гуапэ хъунт, - жиlащ Бэлэтокъуэм.

А пщыхьащхьэм Джылахъстэнейм и тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр къыхуагъэфащащ Мэшбащlэм - абы къыфlащащ «Тэрч къалэм щlыхь зиlэ и цlыху» цlэ лъапIэр. Илъэс куэд хъуауэ литературэм, жылагъуэ Iэхуэхэм жыджэру, куп-щlафIэу зэрыпылъым, адыгэ лъэпкъым и псэкупсэ къулеягъым зэрыхигъахъуэм папщlэ Тэрч къалэ администрацэм и унафэщl Хьэпащlэ Тимур Щыгтхъ тхылъ хьэщlэм иритащ.

Мэшбащlэм фIыщlэ яхуищlащ бысымхэм, игу зэрыхагъэхъуари жиlащ.

- Сэ куэд щlауэ си хъуэпсапIэт Джылахъстэней щlыналъэм сыкъихьэну, - жиlащ тхакlуэм. - Сыт щхьакlэ жыпIэмэ, илъэс 40 и пэкlэ тхылъ стхауэ щытащ Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэпыщlа зэрыхъуам теухуауэ, Джылахъстэнейм и лIыкlуэхэр, иужькlэ Черкасскэ зыфIащахэр, Урысейм епсолъэну зэрыкlуар къыхэщу. А псалъэм кlыхь зезгъэщlынкъым, нэхъыщхьэр Къэбэрдей цlыкlум и цlэр фIыкlэ къраIуэу зэрыпсэурщ. Жылэ махуэ Тхьэм фищl.

Исхьэкъ къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ и тхыгъэ нэхъыщхьэхэм лъабжьэ яхуэхъуа Iухъугъуэхэм, езыр щапIа жьэгур зыхуэдам, гупсысэ нэхъыщхьэу гъащlэм гъприхкам, блэкlам къыхиха дерсхэм, нобэ иlэ дуней еплъыкlэм, и анэдэлъхубзэр и Iэпэгъуэ и лъэпкъ хабзэр и гъуэгуанэльагъуэу зэрыпсэум.

Тэрч районым и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Хьэжу Анатолэ** псалъэ дахэкlэ зыхуигъэзащ тхакlуэм икlи ар къыщалъхуа, Краснодар крайм хыхьэ Успен районым щыщ Щхьэщэхуэ жылэм лэжьыгъэ Iуэхуэкlэ пыщlаIуэ зэрыщытыгъар, абы къыдэкlа тхакlуэшхуэр, зи тхыгъэхэмкlэ фIэкlа имыцIыхур, и щхьэкlэ нэIуасэ зэрыхуэхъуам зэрыщыгуфIыкlыр.

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий фIыщlэ хуищlащ Мэшбащlэм и илъэс 85-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэлъэпIэнэр Хасэшхуэм къыщыхэзыльхьа Хьэфlыщlэ Мухьэмэд. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм фIыщlэ хуищlащ, и жэрдэмымрэ и псалъэ Iущымрэ Iуэху дахэ къызэрыпэкlуэри къыхиригъэщащ. «Исхьэкъ и зэфIэкlымрэ адыгэм и цlэр жыжьэ зэригъэIуэмрэ дагъэгушхуэм и закъуэкъым, атlэ абы и тхыгъэхэм дерс къыхьидох, блэкlар ди нэгу къыщlэдгъэкъэжьафIэ хуэдизу къытхуеIуэтэ, ар ди нобэрей гъащlэм едгъапщэурэ лъагъуэ пхытшину Iэмал къыдет», - жиlащ Сэхъурокъуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и щlэныгъэ институтым и лэжьакlуэ **Хьуажь Фахьри** псалъэ щратым жиlащ:

- ЗифI зымыгъафIэ efIакlуэркъым, - жаIэ адыгэхэм. Ар пэж дыдэщ. Мэшбащlэр адыгэ лъэпкъ мащlэм къыхэкlати, иджыри къызэдэсым дуней псом къыщащlыхуу, и тхылъхэр мелуан бжыгъэкlэ къыдагъэкlыу иджыри зэрыкlуар къыхэщу. А псалъэм дджыхэм, инджылызхэм я тхакlуэхэр щlэрыпэ зэрыхъум ещхьу. Исхьэкъ и дэтхэнэ Iэдакъэщlэкlми куэдрэ утепсэлъэныхь хъунущ, ауэ сэ абыхэм кlыхьу сыкъытемуывыIэу нэхъыщхьэр жысlэнщ. Мэшбащlэ Исхьэкъ тхакlуэ зыщlар и анэдэлъхубзэрщ, и адыгэ хабзэрщ, къыщlалъхуа и жьэгужьырщ. Къикlуа гъуэгуанэр хуабжьу гъэщlэгъуэнщ. Абы зыщыбгъэгъуазэмэ, гу лъыфтэнущ, махуэм жащцр къызэрыкlэпльыкlуэм хуэдэу, абы и гъащlэри фIым Iейр кlэлъыкlуэу зэрызэхэлъыр. Ар философие куу зыщlэлъ гъуэгуанэщ. Абы и романхэр псори щlэзыджыкlа щlыхум университет зыбжанэ къэзыухам хуэдэу губзыгъэ зэрищlынур, лъэпкъым зэхуэфащэн щlыху нэсу зэрыпсэунур хьэкъщ. Мэшбащlэм апхуэдизкlэ акъылышхуэ бгъэдэлъщи, нобэ здынэсам тхыдэмкlэ, литературэмкlэ, бзэ щlэныгъэхэмкlэ профессор пщlы хъунущ. Анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр къыгурыIуэу дунейм зы щlыху тетмэ, ар етIуанэщ. Сыту жыIэмэ, апхуэдизу щlэныгъэ бгъэдэлъэрэ пэт, урысыбзэр фIы дыдэу щlэрэ пэт, зэи хамэбзэкlэ тхакъым, и анэдэлъхубзэращ и къалэмыр зэригъабзэр. Мис ар фIыгъуэ нэхъыщхьэу бгъэдэлъхэм ящыщу къызолъытэ, - къыхигъащащ Фахьри.

Къуэжей Артём тхакlуэмрэ Тэрч щlыналъэмрэ нобэ зэпызыщlа Хьэфlыщlэ Мухьэмэдрэ абы и жэрдэмкlэ щыгъэ техуэу Мэшбащlэ Исхьэкъэрэ фIыщlэ яхуищlащ. Апхуэдэуи Iуэхур зыгъэдэха школакlуэхэрщ. Абыхэм дахэу жаIащ Мэшбащlэ Исхьэкъ и «Адыгэ цей», «Насып», «Сщlэртэкъым сщlэнур, узимыIамэ», «Пщlэгъуалэ», «Гум и уэрэд» усэхэр, уэрэдхэр.

Мэшбащlэм и екъулIэныгъэхэм яIэ мыхьэнэр нэхъри зыхьбощlэ, абы техуэу псалъэ гуапэхэм ущедаIуэкlэ. Абы и Iэдакъэщlэкlэм, и дуней тетыкlэм, и гуапагъэм, цlыхугъэм ятеухуауэ Кулиев Къайсын, Бондарев Юрий, Рождественский Роберт, Дангулов Саввэ, Исаев Егор, Сорокин Валентин, Шащlэ Къазбэч, Куваевэ Риммэ сымэ, iэнэгуащlэ цlыху Iущхэмэ я псалъэхэр щагъэIуащ а пщыхьащхьэм утыкум. Щlэблэ къызыщlэхъуэ жылэрщ насып зыдэлъыр, абыхэм я псэ къабзагъырщ насыпифIэ узыщlыр. Мэшбащlэ Исхьэкъ теухуауэ Тэрч щlыналъэм щекlуэкlа пшыхьым хэта сабийхэм я гурыхуагъыр, я бзэм и щэрыуагъыр, я зыllыгъыкlэр умыгъэщlэгъэн пльэкlыртэкъым. Фыщlэ хэха хуэфащэщ а цlыкlуэхэр зыгъэхьэзыра, Инарыкъуей курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ Хьэрэдуурэ Эммэ.

«Терчанка» цlыхуфэ ансамблым, Хьэпщlей курыт еджапIэм щlэс ныбжьыщlэхэм ягъэзэщlа къафэхэм, Исхьэкъ и псалъэхэр щlэлъу жаIа уэрэдхэм ягъэдахэу пшыхьыр. Тамбовкэ жылэм Щэнхабзэмкlэ дзт унэм и лэжьакlуэ Щад Марьянэ къеджащ Щомахуэ Дусэ Мэшбащlэм хузэхилъха усэм.

Iуэху пщlыр Iуэху мэхъу жыхуаIэрати, джылахъстэнейхэм кърахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхури дахэу и кlэм зэпрыкlауэ, ар пэж дыдэщ. Мэшбащlэ адыгэ лъэпкъ мащlэм къыхэкlати, иджыри къызэдэсым дуней псом къыщащlыхуу, и тхылъхэр мелуан бжыгъэкlэ къыдагъэкlыу иджыри зэрыкlуар къыхэщу. А псалъэм дджыхэм, инджылызхэм я тхакlуэхэр щlэрыпэ зэрыхъум ещхьу. Исхьэкъ и дэтхэнэ Iэдакъэщlэкlми куэдрэ утепсэлъэныхь хъунущ, ауэ сэ абыхэм кlыхьу сыкъытемуывыIэу нэхъыщхьэр жысlэнщ. Мэшбащlэ Исхьэкъ тхакlуэ зыщlар и анэдэлъхубзэрщ, и адыгэ хабзэрщ, къыщlалъхуа и жьэгужьырщ. Къикlуа гъуэгуанэр ящыщlэ Iуэхуэ дахэ къызэрыпэкlуэри къыхэщащ. «Исхьэкъ и зэфIэкlымрэ адыгэм и цlэр жыжьэ зэригъэIуэмрэ дагъэгушхуэм и закъуэкъым, атlэ абы и тхыгъэхэм дерс къыхьидох, блэкlар ди нэгу къыщlэдгъэкъэжьафIэ хуэдизу къытхуеIуэтэ, ар ди нобэрей гъащlэм едгъапщэурэ лъагъуэ пхытшину Iэмал къыдет», - жиlащ Сэхъурокъуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и щlэныгъэ институтым и лэжьакlуэ **Хьуажь Фахьри** псалъэ щратым жиlащ:

- ЗифI зымыгъафIэ efIакlуэркъым, - жаIэ адыгэхэм. Ар пэж дыдэщ. Мэшбащlэр адыгэ лъэпкъ мащlэм къыхэкlати, иджыри къызэдэсым дуней псом къыщащlыхуу, и тхылъхэр мелуан бжыгъэкlэ къыдагъэкlыу иджыри зэрыкlуар къыхэщу. А псалъэм дджыхэм, инджылызхэм я тхакlуэхэр щlэрыпэ зэрыхъум ещхьу. Исхьэкъ и дэтхэнэ Iэдакъэщlэкlми куэдрэ утепсэлъэныхь хъунущ, ауэ сэ абыхэм кlыхьу сыкъытемуывыIэу нэхъыщхьэр жысlэнщ. Мэшбащlэ Исхьэкъ тхакlуэ зыщlар и анэдэлъхубзэрщ, и адыгэ хабзэрщ, къыщlалъхуа и жьэгужьырщ. Къикlуа гъуэгуанэр хуабжьу гъэщlэгъуэнщ. Абы зыщыбгъэгъуазэмэ, гу лъыфтэнущ, махуэм жащцр къызэрыкlэпльыкlуэм хуэдэу, абы и гъащlэри фIым Iейр кlэлъыкlуэу зэрызэхэлъыр. Ар философие куу зыщlэлъ гъуэгуанэщ. Абы и романхэр псори щlэзыджыкlа щlыхум университет зыбжанэ къэзыухам хуэдэу губзыгъэ зэрищlынур, лъэпкъым зэхуэфащэн щlыху нэсу зэрыпсэунур хьэкъщ. Мэшбащlэм апхуэдизкlэ акъылышхуэ бгъэдэлъщи, нобэ здынэсам тхыдэмкlэ, литературэмкlэ, бзэ щlэныгъэхэмкlэ профессор пщlы хъунущ. Анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр къыгурыIуэу дунейм зы щlыху тетмэ, ар етIуанэщ. Сыту жыIэмэ, апхуэдизу щlэныгъэ бгъэдэлъэрэ пэт, урысыбзэр фIы дыдэу щlэрэ пэт, зэи хамэбзэкlэ тхакъым, и анэдэлъхубзэращ и къалэмыр зэригъабзэр. Мис ар фIыгъуэ нэхъыщхьэу бгъэдэлъхэм ящыщу къызолъытэ, - къыхигъащащ Фахьри.

Къуэжей Артём тхакlуэмрэ Тэрч щlыналъэмрэ нобэ зэпызыщlа Хьэфlыщlэ Мухьэмэдрэ абы и жэрдэмкlэ щыгъэ техуэу Мэшбащlэ Исхьэкъэрэ фIыщlэ яхуищlащ. Апхуэдэуи Iуэхур зыгъэдэха школакlуэхэрщ. Абыхэм дахэу жаIащ Мэшбащlэ Исхьэкъ и «Адыгэ цей», «Насып», «Сщlэртэкъым сщlэнур, узимыIамэ», «Пщlэгъуалэ», «Гум и уэрэд» усэхэр, уэрэдхэр.

Мэшбащlэм и екъулIэныгъэхэм яIэ мыхьэнэр нэхъри зыхьбощlэ, абы техуэу псалъэ гуапэхэм ущедаIуэкlэ. Абы и Iэдакъэщlэкlэм, и дуней тетыкlэм, и гуапагъэм, цlыхугъэм ятеухуауэ Кулиев Къайсын, Бондарев Юрий, Рождественский Роберт, Дангулов Саввэ, Исаев Егор, Сорокин Валентин, Шащlэ Къазбэч, Куваевэ Риммэ сымэ, iэнэгуащlэ цlыху Iущхэмэ я псалъэхэр щагъэIуащ а пщыхьащхьэм утыкум. Щlэблэ къызыщlэхъуэ жылэрщ насып зыдэлъыр, абыхэм я псэ къабзагъырщ насыпифIэ узыщlыр. Мэшбащlэ Исхьэкъ теухуауэ Тэрч щlыналъэм щекlуэкlа пшыхьым хэта сабийхэм я гурыхуагъыр, я бзэм и щэрыуагъыр, я зыllыгъыкlэр умыгъэщlэгъэн пльэкlыртэкъым. Фыщlэ хэха хуэфащэщ а цlыкlуэхэр зыгъэхьэзыра, Инарыкъуей курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ Хьэрэдуурэ Эммэ.

«Терчанка» цlыхуфэ ансамблым, Хьэпщlей курыт еджапIэм щlэс ныбжьыщlэхэм ягъэзэщlа къафэхэм, Исхьэкъ и псалъэхэр щlэлъу жаIа уэрэдхэм ягъэдахэу пшыхьыр. Тамбовкэ жылэм Щэнхабзэмкlэ дзт унэм и лэжьакlуэ Щад Марьянэ къеджащ Щомахуэ Дусэ Мэшбащlэм хузэхилъха усэм.

Iуэху пщlыр Iуэху мэхъу жыхуаIэрати, джылахъстэнейхэм кърахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхури дахэу и кlэм зэпрыкlауэ, ар пэж дыдэщ. Мэшбащlэ адыгэ лъэпкъ мащlэм къыхэкlати, иджыри къызэдэсым дуней псом къыщащlыхуу, и тхылъхэр мелуан бжыгъэкlэ къыдагъэкlыу иджыри зэрыкlуар къыхэщу. А псалъэм дджыхэм, инджылызхэм я тхакlуэхэр щlэрыпэ зэрыхъум ещхьу. Исхьэкъ и дэтхэнэ Iэдакъэщlэкlми куэдрэ утепсэлъэныхь хъунущ, ауэ сэ абыхэм кlыхьу сыкъытемуывыIэу нэхъыщхьэр жысlэнщ. Мэшбащlэ Исхьэкъ тхакlуэ зыщlар и анэдэлъхубзэрщ, и адыгэ хабзэрщ, къыщlалъхуа и жьэгужьырщ. Къикlуа гъуэгуанэр

Хьэжу Анатолэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий

Хьуажь Фахьри

Къуэжей Артём

«Спартак-Налшыкым» зэуэ зречыж

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - 2:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьхьым и 3-м. Цlыху 800 еплъащ.

Судьяхэр: Верулидзе, Касабиев (тIури Владикавказ щlыщщ), Петросян (Дон Iус Ростов)

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Тебэрды, Мурачев, Дашаев, Кузнецов, Дроздов (Багъэтыр, 52), Гъурф, Дзыхьмыщl (Ахриев, 90+1), Каркаев (Войнов, 61), Бажэ (Балъкъэр, 89), Гугуев.

«**Динамо**»: Афанасьев, Корбут, Ярцев, Солтанов, Бакланов, Клюев (Селеменев, 67), Розов (Семкэ, 79), Михалёв, КIурашын (Невидимый, 46), Магомедов, Голубов (Григорян, 86).

Топхэр дагъэкlащ: Клюевым, 63 (0:1). Бажэм, 73 (1:1). Кузнецовым, 86 (2:1).

Дагъуэ кьыхуащlащ Багъэтырым.

АДРЕйХЭМ елъытауэ тхьэмахуэкlэ нэхъ пасэу мыгъэрей зэхьэзэхуэм щlэзыдза «Спартак-Налшыкым» и гукъыдэжьир инт. Ялрауэ, ди щlалэхэм хьыбар къраГэщlащ ищхьэкlэ дэкlуеину яхуэзэфIэкlмэ, мылъкуйэ къызэрызэрагъэпэщыну. ЕтIуанэрауэ, нэгъабэ щыIэн хуеяуэ мы гъэм къагъэзэнхъуэ зэIущlэм МИТОС-р щыхагъащlэри, я хьэрхуэрэгъуэхэм нэхъыбжькlэ ящхьэщыкlат. Зэщхьэщыкlныгъэр иригъэфIэкlуэфынут мэлыжьыхьым и 3-м зэхэтыну джэгуГъуэми. Абы папщlэ налшыкдзэхэр Ставрополь къикlа «Динамо-Ставрополь»-м efIэкlын, «Iэфlыпсыр» «Краснодар-2»-м къыхигъэзыхьыпхъэт. Псори дызэрыхуейуэ хъуащ.

ФIэщщlыгъуейт «Динамо-Ставрополь»-м фIырыфIкlэ зитыну. Джэгум и япэ дакъикъэхэри абы щыхьэт техъуащ. Хэгъэрейхэм я еблэгъэрыкlэныгъэ хъыбарыкlэ хьэщlэхэм езыхэм яйр къыпэщlагъэувэфырт. Топыр зэм зым и гъуэм, зэм адрейм и деж къыщыхутэрт. Джэгум еплъыну къэкlуахэм абы дэрэжэгъуэ ин къаритырт.

Хуэм-хуэмурэ «Спартак-Налшык» тепщэныгъэр зыlэщlилъхьащ. Ар куэдкlэ и фIыгъэщ ди гъуащхьауэ Гугуев Магомед. Ар лъэщу зэуа топыр «Динамо-Ставрополь»-м и гуащхьэтет Афанасьевым япэщlыкlэ угловойм игъэкlуащ, къыхэлъыкlуэу лIыгъэшхуэ зэрихьэри, и гъуэр ихумащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм и щlэдзэкlэр япэм къызэрыщхьэщыкlышхуэ щыIэтэкъым. Арщхьэкlэ ди гъуащхьэхъумэхэм ящыщ Дашаев Асльэн и щыуагъэм и зэранкlэ налшыкдзэхэр бэлыхь хэхуащ. Абы топыр хьэрхуэрэгъуэхэм зэрымыщlэкlэ яхуигъэжащ икlи Клюев Денис хьэщlэхэр япэ иригъэщащ. Апхуэдэ щыкlэкlэ 596-нэ дакъикъэм къызэпыуда хъуащ «Спартак-Налшыкым» и гъуэр зыми зэрыхимигъэщlафар. Иужьу ар къыщыхуар нэгъабэ жэпгуэр гъуэм и 4-рат, «Iэфlыпсыр» 0:1-гъэ къыщыпткlуам.

ЗэIущlар иухьым иджыри сыхьэт ныкъуэм нэблагъэ къэнэжат икlи Iуэхур пхуэгъэзэкlуэжынут. Абы и щlэдзапIэ хъуащ 72-нэ дакъикъэм Дзыхьмыщl Марат къыщыгъуэм зэреуар. Хьэщlэхэм я гъуащхьэтетым ерагъкlэ топым къриГъэгъэзащ. Арщхьэкlэ къыкlэлъыкlуэ дакъикъэм абым хуэзэфIэкlа щыIэжьым - Бажэ Амир гъуащхьэхъумэхэм къагъэува «блыныр» кlуэцIритхъри, бжыгъэр зэхуэдэ ищlыжащ.

«Спартак-Налшыкым» и капитаным гупым текlуэныгъэр къыхуихьыфынут. Арщхьэкlэ тIэунейрэ Iэмал хъарзынэхэр зыlэщlигъэкlащ.

86-нэ дакъикъэм Гугуевым гъуащхьэхъумэхэм топыр ящхьэпридзащ икlи Кузнецовым налшыкдзэхэр япэ иригъэщащ. Гурыуэгъуэт ар ди щlалэхэм я зи чэзу текlуэныгъэу зэрыщытыр.

Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм очко тIурытI-щырыщ яРIэкlуэдащ. «Iэфlыпсыр» «Краснодар-2»-мрэ зэрытегъэкlуэкlыжьым, «Черноморец»-р и стадионым «Ангушт»-м щыкlэтыщlащ. Аращи, етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2015/2016 гъэхэм я зэхьэзэхуэр иухьым иджыри джэгуГуэи 8 иIэжу ди щlалэхэр очкоуэ 8-кlэ къыкlэлъелIэхэм ящыщу нэхъ и гъунэгъум щхьэщыкlащ. Япэ дивизионым хуэзышэ гъуэгур нэхъри зэIуха хъуащ. Адэкlэ псори зэлъытыжар езыхэращ.

Иджы щыгъуэзэ фыхуэтщlынщ Урысей Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекlуэкlэ зэхьэзэхуэм хыхьэу вэсэмахуэ зэхэта джэгуГъуэхэм къарикlуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Iэфlыпс**» (Iэфlыпс) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **1:1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0:1**, **МИТОС** (Новочеркасск) - «**Алания**» (Владикавказ) - **2:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **0:1**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **0:1**.

«**Тэрч-2**» (Грозный) - «**Астрахань**» (Астрахань) зэIущlэр нэхъ иужьыIуэкlэ зэхэтащ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и къыкlэлъыкlуэ джэгуГъуэр мэлыжьыхьым и 11-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» «Ангушт»-м иригъэблагъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Спартак-Налшык»	18	15	2	1	31-6	47
2.	«IэфIыпс»	18	12	3	3	29-16	39
3.	«Краснодар-2»	18	10	3	5	35-19	33
4.	«Черноморец»	18	9	4	5	25-17	31
5.	«Ангушт»	18	8	4	6	17-15	28
6.	«Тэрч-2»	17	6	6	5	25-18	24
7.	«Динамо-Ставрополь»	18	6	5	7	19-18	23
8.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	18	6	4	8	15-20	22
9.	СКА	18	6	3	9	19-20	21
10.	МИТОС	18	6	2	10	21-28	20
11.	«Астрахань»	17	5	5	7	19-23	20
12.	«Биолог-Новокубанск»	18	4	4	10	12-28	16
13.	«Алания»	18	2	7	9	8-25	13
14.	«Дружба»	18	3	2	13	14-36	11

КъБР-м Печатымрэ цlыхубз коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниием, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м, «КъБР-м и цlыхубз хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр къыззэIущlэнэщ комплекс центр» къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм я лэжьакlуэхэр «КъБР-м и цlыхубз хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр къыззэIущlэнэщ комплекс центр» къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ **Крюков Михаил Валентин и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Валентин Александр и къуэр** зэрыпlам къыхэкlыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдз
ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхъ секретарь), Къардэн Маритэ, НэщlэпыджэЗамирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щlхьэщэмыщl Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●